



Pou Piblikasyon Imedya: 08/06/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU YO PREPARE YO POU MICHAN LORAJ PANDAN VÈY TÒNAD LA

Gouvènè Andrew M. Cuomo Jodi a te mande prese-prese pou Nouyòkè prepare yo pou michan loraj yo prevwa kap pase sou eta a apremidi a ak aswè a. Akòz loraj yo, National Weather Service pibliye yon Vèy Tònad kap anvigè jiska 8:00 p.m. Vèy Tònad la anvigè pou Konte Albany, Broome, Chemung, Chenango, Columbia, Cortland, Delaware, Dutchess, Fulton, Greene, Hamilton, Herkimer, Madison, Montgomery, Oneida, Onondaga, Otsego, Rensselaer, Saratoga, Schenectady, Schoharie, Sullivan, Tioga, Tompkins, Ulster, Warren, ak Washington.

“N ap mande tout Nouyòkè ki sou wout loraj sa yo pou yo rete vijilan, enfòme yo epi pran prekosyon,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Nouyòkè konnen byen danje ki gen nan move tan. Avèk aksyon prevansyon senp sa yo, rezidan kapab prepare yo pou sa Lanati sere pou yo.”

Gouvènè a te bay konsèy annapre yo nan kad preparasyon pou siklòn:

Anvan loraj la frape:

- Byen mare oswa mete andedan mèb jaden yo, poubèl yo, zouti yo ak plant ki kwoke anlè ki kapab vin pwojektil pandan loraj la.
- Si ou gen yon sousòl, tyeke ponp vidanj yo pou asire yo fonksyone, epi prepare ou pou itilize yon sistèm sipò.
- Mete la yon dèlko sekou oswa yon lòt sous kouran elektrik.
- Tyeke vwazen yo, sitou granmoun aje yo oswa moun ki andikape yo.

Lè loraj la ap pwoche:

- Rete andedan, lwen fenèt ak pòt an vit yo.
- Chaje telefòn selilè ou ak aparèy elektwonik enpòtan yo.
- Rele lwen wout yo. Si w ap vwayaje, jwenn yon abri ki byen pwoteje san pèdi tan.

Si w oblije vwayaje:

- Pa eseye kondi sou wout ki inonde – vire tounen epi ale nan yon lòt direksyon. Dlo k ap vanse ak yon vitès de (2) mayl pa èdtan kapab voye jete vwati ki sou yon wout oswa sou yon pon.
- Siveye zòn kote rivyè oswa kouran dlo ka monte toudenkou epi inonde, tankou kote otowout la anpant, pon, ak zòn ki ba.
- Si ou nan yon vwati epi dlo kòmanse monte rapid bòkote ou, sòti nan vwati a san pèdi tan.

Si ou lakay ou oswa nan travay:

- Rete lakay ou sof si yo ba ou lòd pou sòti.
- Regle frijidè a pou li vin frèt nan nivo maksimòm, epi louvri li lè li nesèsè sèlman.
- Fèmen sèvis piblik yo si otorite yo di ou pou fè sa.
- Fèmen tank gaz pwopann yo.
- Deploge gwo aparèy menaje.
- Ranpli gwo resipyan yo avèk dlo.

Si van yo vin fò:

- Rete lwen fenèt ak pòt yo menmsi yo kouvri.
- Fèmen tout pòt andedan yo.
- Fèmen ak ranfòse pòt deyò yo.
- Si ou nan yon kay ki gen de (2) etaj oswa plizyè etaj, ale andedan yon chanm ki nan etaj anba.
- Rete andedan pandan yon gwo loraj. Si yo bay avètisman pou yon tònad, ale nan yon sousòl oswa nan lòt pyès ki ba nan kay la oswa nan biznis ou oswa nan yon chanm ki pa gen fenèt.

Si kouran elektrik la koupe:

- Rele sèvis elektrisite a dabò pou konnen orè reparasyon zòn nan. Etenn oswa deploge limyè ak aparèy menaje pou pa kite yon sikwi chaje twòp lè yo repare sèvis la. Kite yon limyè limen pou ka konnen lè yo repare kouran an.
- Kite pòt frijidè ak frizè fèmen otank posib pou ede diminye kantite manje k ap gate.
- Si ou gen espas nan frijidè oswa nan frizè ou, ranpli resipyan plastik avèk dlo, kite yon pous espas andedan yo chak. Sa ap ede kenbe manje a fre.

Si ou bezwen itilize yon dèlko:

- Anvan ou enstale yon dèlko, asire ou dekonekte sèvis kouran elektrik ou kòrèkteman. Si li posib, fè yon elektrisyen kalifye enstale dèlko a pou ou.
- Fè dèlko a mache deyò, nan sans van an avèk fondasyon kay la. Pa janm fè yon dèlko mache andedan kay ou. Gaz monoksid kabòn ki danjere pou lavi moun k ap sòti nan lafimen dèlko a kapab simaye toupatou nan espas ki fèmen yo.

- Kabiran ki tonbe sou yon dèlko cho kapab lakòz yon esplozyon. Si dèlko ou gen yon tank gaz detachab, retire li anvan ou replen li. Si sa pa posib, etenn dèlko a epi kite li refwadi anvan ou replen li.
- Pa depase kalibraj dèlko a. Pifò ti dèlko pòtatif pou itilize nan kay pwodui ant 350 ak 12,000 wat enèji. Si ou mete twòp chaj sou dèlko a, sa kapab kraze li ansanm ak aparèy menaje ki konekte sou li, epitou sa ka lakòz dife. Swiv enstriksyon konpayi fabrikasyon an.
- Kenbe timoun yo lwen dèlko yo toutan.

Evite anpwazonman avèk monoksid kabòn:

- Pa limen dèlko yo andedan kay; motè a ap emèt gaz monoksid kabòn ki danjere pou lavi moun.
- Pa itilize chabon pou kwit manje andedan kay la. Sa ka lakòz tou akimilasyon gaz monoksid kabòn.
- Pa itilize fou-a-gaz ou pou chofe kay ou – itilizasyon yon fou ki louvri pandan twòp tan nan yon kay fèmen kapab kreye gaz monoksid kabòn.
- Enstale yon alam monoksid kabòn.

Pi bon fason pou resevwa enfòmasyon sou sityasyon ijans se pou [abone nan NY-ALERT](#), sistèm notifikasyon tout danje eta a, epi [telechaje app la](#) pou aparèy iOS ak Android. Rezidan dwe swiv radio ak televizyon lokal tou pou dènye enfòmasyon.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pi bon fason pou prepare w pou yon move tan, ale sou: <http://www.nyprepare.gov>. Ou ka jwenn konsèy anplis sou preparasyon pou michan siklòn sou sit entènèt Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans lan [la a](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418